**SUMMARY**

The article is devoted to the discussion of the role of spirituality in protecting young people from the ideology of religious extremism and terrorism. The author of the article gives recommendations for educating young people as ideal people.

## БАСЛАЎЫШ КЛАССТА МАТЕМАТИКА САБАҚЛАРЫН ОҚЫТЫЎДЫҢ СЫПАТЫН ҲӘМ НӘТИЙЖЕЛИЛИГИН АСЫРЫЎ ЖОЛЛАРЫ

**У.Ихласов** – *ассистент окытыўшы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**И.Ихласов** – *ассистент оқытыўшы*

*ҚРХБХҚТОҚАИ*

**Таянч сўзлар**: ўйиннинг афзаллиги, мактаб фаоллиги, ўйин машғулотлари, оғзаки ҳисоблаш, сонлар таркиби, дидактик материаллар, масала ечиш, узвий математик таълим, мавҳум мантиқий фикрлаш, математик жадваллар.

**Ключевые слова:** игровая активность, учебная активность, игровые упражнения, устный счёт, подбор чисел, дидактические примеры (задачи), решение задачи, неотрывное математическое образование, абстрактное логическое мышление, математические таблицы, вычисления.

**Key words:** game activity, studying (learning) activities, game exercises, oral calculation, picking figures, didactic models, solution of mathematical tasks, uninterrupted mathematical education, abstract logical mind, mathematical tables, calculations.

Биринши Президентимиз Ислам Каримовтың "Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш" шығармасында оқытыўшы - тәрбияшылар ҳаққында төмендеги пикирлер айтылған еди: Бул жарық әлемде ҳәр бир адам өзиниң меҳрибан ата-анасына, устаз ҳәм муғаллимлерине де миннетдаршылық туйғысы менен жасайды. Инсан өз өмири даўамында қандай жетискенлик ҳәм нәтийжелерге ериспесин, қай жерде, қандай лаўазымда ислемесин, мектеп дәргайында алған тәлим-тәрбиясы оның жетик шахс ҳәм тәжирийбели қәниге болып жетилисиўинде үлкен әҳмийетке ийе екенине гүман жоқ.

Усы мақсетлердиң унамлы нәтийжеге ийе болыўы, ең дәслеп, жас әўладқа илимий билимлер тийкарларын пухта үйретиў, оларда кең дүньяқарас ҳәм де пикирлеў көлемин пайда етиў, әдеп-икрамлылық сыпатын қәлиплестириў барысында тәлим-тәрбиялық жумысларды нәтийжели шөлкемлестириўге байланыслы болып табылады. Журтымыздың атын жәҳәнге ен жайдырыў, уллы ата-бабаларымыз атынан жаратылған миллий-мәдений мийрасты жәмийетке көрсетиў, оларды байытыў, ғарезсиз Өзбекстан Республикасының раўажланған мәмлекетлер қатарынан орын ийелеўин тәмийинлеў жас әўладты жетик инсан ҳәм тәжирийбели қәниге етип тәрбиялаўға байланыслы [1].

Сонлықтан да, ҳәр бир тараў қәниге ийелери өз пәниниң сыпатын ҳәм нәтийжелилигин асырыў тийкарында заманагөй педагогикалық технологиялардан пайдаланбақта. Усы заманагөй тәлим тийкарында, баслаўыш тәлим басқа тәлим басқышларынан ойынға тийкарланған тәлим технологияларына берилиўшеңлиги менен ажыралып турады. Тийкарында, бул жағдай баслаўыш тәлим оқыўшыларының характери, дүньяқарасы, әлемди толық ҳәм образлы тәризде аңлатыўға ыңғайлылық ойлаў тәризинде келип шығады. Бақша дәўиринен мектеп дәўирине өтер екен, сыртқы жақтан бала белсендилиги улыўма өзгереди, оның турмыс тәрзи мектеп тәртип қағыйдалары тийкарында муўапықластырылады: кеминде 3 сааттан 5-6 саатқа шекем даўам ететуғын даўамлы сабақ мүддети, белгиленген тәнепислер, оқытыўшыны дыққат пенен тыңлаў кереклиги ҳәм т. б. Усы жағдайды психологиялық тәрептен пүтин қылып, анық аңлатылса, баланың ойын белсендилиги мектеп белсендилигине орын босатып береди. Бирақ, бул мәселениң сыртқы тәрепи ғана. Тийкарында, баланың бағша дәўиринен мектеп дәўирине өтиў бир қанша қурамалы психологиялық ишки сезим, процесслер тийкарында әмелге асырылады. Бул дәўирде, дерлик, барлық балаларда терең психологиялық бүлинген, шарасыз жағдайы бақланады. Буны бала ишки дүньясын жақсы сезе алатуғын жанкүйер педагог көзи менен қарап, баланың өз искерлигиндеги өзгерислерге, сыртқы искерлиги өзгериўинен қорқыўы, қысыныўы тәризинде анализ етиў мүмкин. Мине, усы искерлик өзгерислерге қарап тәлим процесинде әмелге асырылатуғын ойын-шынығыўларды әмелге асырыў мақсетке муўапық.

Баслаўыш тәлим процесинде әмелге асырылатуғын ойын-шынығыўларын еки түрге бөледи:

1. Кеўил көтериўши ойынлар
2. Билим бериўши ойынлар.

Алымлардың айтқанындай, билимлендириў процесинде көпшилик оқытыўшылар тәрепинен қолланылып атырған ойынлар барлық ўақытта белсенди билим алыўға бағдарланған бола бермейди. оқытыўшы айырым ўақытларда балаларға дем бериў, олардағы шаршаўдың алдын алыў мақсетинде дем бериўши ойынлардан пайдаланады. Бирақ, бундай ойынларды айырым оқыўшыларға шаршаў бақланғанда, ақылый зорыўдың алдын алыў мақсетинде ғана қолланыў зәрүр.

Дидактикалық ойынларға қойылатуғын талап болса бир қанша қатаң тәртипке ийе. Себеби, олар туўрыдан-туўры тәлим мақсетине хызмет қылады. Оқыўшыларда билим алыўға ықлас, излениўшилик ҳәм тапқырлық искерлигин қәлиплестиреди.

Демек, оқтыўшы сабақта ойынларды қолланар екен, оның дидактикалық ҳәм кеўил көтериўши түрлеринен қай дәрежеде пайдаланыўын, жеткиликли дәрежесин билиў керек. Көриў ҳәм еситиўге байланыслы хызмет түри менен байланыслы көрсетпели қураллар, қызықлы сораўлар, ҳәзил тапсырмалар, күтилмеген ўақыялар оқыўшы ақылый хызмети нәтийжелилигин тәмийинлейди [4]. Баслаўыш класслар менен ислесиў барысында көп ойлаўға, жаңа оқыў қуралларын излеп табыўға, дөретиўшиликке туўры келеди, ойынлардың әжайып атлары балалардың дыққатын аўдарыўға жәрдем береди, оларды жалықтырмайды, сабақта унамлы кейпият оятады.

Көпшилик ойынлар-ең қыйын математикалық байланыслардан бири. Көпшилик сан қурамының балалар тәрепинен өзлестирилиўине көмеклесиўши әжайып қураллардан есапланады. Дәстүрге ылайық, биринши онлықтағы сан ҳәм қатар тәртип пенен дәслепки таныса баслаған ўақыттан баслап-ақ балалар сан қурамын оқып алыўы керек. Соны ҳәм айтыў керек, усы ўазыйпа олар ушын ҳәмме ўақыт да аңсат бола бермейди, себеби буның ушын балаларда санлардың қурамын парықлаўға тийкарланған дәлил, ойлаўының жақсы шынықтырылған болыўы талап етиледи: алты — 3 ҳәм 3; 2 ҳәм 4; 5 ҳәм 1 ; 2, 2 ҳәм жәнe 2 дегени. Оқыўшылардың сан ҳәм тәртибин есте сақлап қалыўының өзи менен ис питпейди, соны умытпаў керек, сан ҳәм қатар тәртиби усы тақылетте еслеп ғана қалыў жети жасар балалар ушын жүдә характерли. Оқытыўшы жумысының соншелли қурамалылығы да, әне, сонда. Сонлықтан да оқыў

материалын пухтарақ өзлестириў ҳәм оқытыўдың сыпатын ҳәм нәтийжелилигин асырыў ушын бир қанша дидактикалық ойынлардан пайдаланыў әҳмийетли. Бул ойынларды өткизиў жақсы нәтийже береди. Олар төмендегише:

**„Не өзгерди?".**

Дидактикалық тапсырма: 4 саны қурамының ҳәр түрли вариантларын беккемлеў.

*Ойын тапсырмасы: балалардың турған жерин еслеп қалыў, олардың орын алмастырғанлығын билиў (яғный 4 саны қурамын көрсетиў).*

Ойыннан бурын аўызеки есаплаў шынығыўы өткизиледи. Балалар мәселе ойлап табады. Мысалы: Карим „Бир терек бар еди, және үш терек отырғызылды, енди тереклер төртеў болды", — дейди. „Еки машина турған еди. Және еки машина олардың қасына келип тоқтады", — дейди Рахим— енди машиналар саны төртеў болды.

**"Ең жақсы есапшы".**

Жазыў тахтасының да оң тәрепинде, ҳәм шеп тәрепинде мысаллар жазылған, олардың муғдары ҳәр қыйлы.

| | | | |
|---|---|---|---|
| 9*9 | 7*8 | 4*8 | 6*7 |
| 3*8 | 9*4 | 9*3 | 7*3 |

Оқыўшылар топар бойынша жуўапларды жаза баслайды: бир оқыўшы оң тәрептен, екиншиси шеп тәрептен. Тапсырманы биринши болып орынлағанлар утып шығады.

Бул ўазыйпаны өткергенде есте қалыў қыйын болған көбейтиў ҳәм бөлиў қағыйдаларын тез-тез тәкирарлаў керек. Оқытыўшы жол қойылған қәтелерди жазып барады, соң оларды алдыннан таярлап қойылған ленталарға жазады.

Дене тәрбия минутларында да ойынлар өткериў мүмкин, олар кесте жәрдеминде көбейтиў ҳәм бөлиў тараўындағы билимлерин қәлиплестириўге жәрдем береди. Бул төмендегише әмелге асырылады.

Оқыўшы партадан шығады, оқытыўшы қәлеген бир мысалды (7х5) айтады, оқыўшыға топ ылақтырады, ол мысалдың жуўабын айтып турып, топты оқытыўшыға қайтарады. Соң оқытыўшы және мысал айтып, топты басқа оқыўшыға ылақтырады х.т.б. [2].

**"Достыңа пәнт берме".**

Жазыў тахтасының қасына еки оқыўшы шығады. Оқытыўшы (6х9) мысалын оқыйды. Мине сол номерлер менен 4 көбейтиў ҳәм бөлиўге байланыслы мысал дүзиўин айтады. Биринши оқыўшы көбейтиўге, екинши-бөлиўге байланыслы мысаллар дүзеди. Егер мысаллар дүзип, дурыс шешсе, балалардың исиндеги татыўлығы мақулланады. Тахтадағы жазыў төмендегише көринисте болады:

| | |
|---|---|
| 6х9=5 | 454:6=9 |
| 9х6=5 | 54:9=6 |

Бул жерде жүдә керекли нәрсе сол, балалар белгили нәрсениң дурыс бөлимин табыў усылын өзлестирип алыўы. 6х9=54 мысалынан 54:6=9 ҳәм 54:9=6 мысаллары келип шығыўын түсинип жетиўи керек.

**"Күн ҳәм түн".**

Оқытыўшы "түн" сөзин айтқанда, оқыўшылар басларын партаға қояды ҳәм көзлерин жумады. Сол ўақытта оқытыўшы аўызеки есаплаў ушын қосыў ҳәм алыўға ямаса бөлиў ҳәм көбейтиўге байланыслы мысалды оқыйды. Қысқа тәнепис жүзеге келеди. Кейин оқытыўшы бундай дейди: "Күн". Балалар туўры отырады. Ким есаплап болса, қолын көтерип жуўапты айтады. Бул ўазыйпа балаларға жүдә унайды. Ўазыйпаның қымбатлы тәрепи сонда, ол бир қанша төмен пикирлеўши балаларға есаплаў ўақтында пикирин бир жерге жәмлеўге имканият береди, оларды мысалларды жазыў тахтасындағы жазыў бойынша емес, еситип турып ойлаўға үйретеди.

Жоқарыда келтирилген дидактикалық мысаллар математика тәлим мазмунында оқыўшылардың ғәрезсиз пикирлеў белсендилигин күшейтиўге имканият береди ҳәм олардың ойлаў қәбилетин, дөретиўшилик пикирлеўин кеңейттиреди.

Баслаўыш математика сабақларын оқытыўдың сыпатын ҳәм нәтийжелилигин асырыў ушын математика пәнине болған қызығыўшылығын арттырыў, ақылый қәбилетлерин өзлестириў жүдә керекли ўазыйпа болып саналады. Класс оқыўшылары математика сабақларында әтираптағы ҳәдийселерди муғдары тәрепинен анализ қылыў, есаплаў ҳәм мәселелер шешиўге үйренеди. Егер, үйренилип атырған мағлыўматлар қызықлы баян етилсе ҳәм оқытыўшы балалардың дыққатын сабаққа дурыс қарата алса, оқыўшылар оны аңсат өзлестирип алады.

Жоқарыдағы дизимге алынған жумыслар нәтийжесинде математикалық билимлерди бериў процесин шөлкемлестириўши жөнелислерди әмелге асырыў метод ҳәм қуралларды үзликсиз математикалық тәлим системасын әмелиятқа киритиў тәмийинленеди, педагогикалық технологияларды қолланыў ушын ислеп шығылатуғын оқыў-методикалық, дидактикалық тарқатпа материаллар, методикалық қолланбалар үзликсиз математикалық тәлим системасы әмелиятына енгизиледи [3].

Педагогикалық технология оқытыў усылы, белгили мәнисте тәлим-тәрбия процесслери, қураллары, көринис ҳәм методлары комплекси сыпатында оқыў материалларын таңлаў, қайта ислеў, оқыўшылардың күшине, өзлестириў өзгешеликлерине сәйкеслеп метод ҳәм қуралларды ислеп шығыў ҳәм шөлкемлестириў системасы болып есапланады. Мине, усы педагогикалық технологиялардан нәтийжели пайдаланыў аўызеки есаплаўға байланыслы көнликпелерди турақлы түрде тексерип барыўға жәрдем береди, балалардың дыққаты күшейтириледи. Нәтийжеде, баслаўыш класс математика сабақларын оқытыўдың сыпаты ҳәм нәтийжелилиги артады ҳәм белсенди ғәрезсиз пикирлеўге үйренеди. Белсенди ҳәм ғәрезсиз түрде пикирлеўге тек ғәрезсиз белсенди жумысларда үйрениў мүмкин. Баслаўыш класс оқытыўшысы оқыўшыларды көргизбели түсиникли пикирлеўинен баслап, абстракт - логикалық пикирлеўге үйретеди. Абстракт - логикалық пикирлеўде көргизбели көрсетпе материаллардан, әсиресе, кейинги пайытларда кең тарқалған жәрдемши сигналлар ҳәм схемалардан пайдаланыў үлкен әҳмийетке ийе болады. Ақылый раўажланыў ушын сондай кесте ҳәм системалар дүзиўди үйрететуғын тапсырмаларды орынлаў оқыўшылар ушын жүдә керекли.

**Әдебиятлар**


1. Каримов И. А. "Юксак маънавият-енгилмас куч" –Тошкент: «Маънавият», 2008.
2. Жумаев М. "Бошланғич синфларда математика ўқитиш методикасидан лаборатория машғулотлари". –Тошкент: Янги аср авлоди, 2006, 256-б.
3. Таджиева З.Ғ ва б. Бошланғич синф математика таълими самарадорлигини оширишда тарихий материаллардан фойдаланиш. –Тошкент: Жаҳон-Премет, 2007, 100-б.
4. Толипов У. Педагогик технология. –Тошкент: «Фан», 2005, 205-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақола асосида, бошланғич синфларда математика дарсларини ўқитишда янги педагогик технологиялардан фойдаланиш орқали уни такомиллаштириш масалалари ётади. Муаллиф мақолада янги математик уйин намуналарини тавсия қилган ҳолда улардан фойдаланишнинг ҳар хил йўлларини кўрсатиб берган.